Bhaibheri re vana
Rikukupai



# Mukuru wetemberi anoshanyira Jesu

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus

Rakatorwa na: M. Maillot; Sarah S.

Alastair Paterson

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Rimwe zuva, Jesu akaenda kutemberi akaona vanhu vachiita zvakanga zvisina kunaka.



Vakanga vachitengesa mhuka mukati metemberi yaMwari.




Jesu akaruka tyava yorwonzi, akabudisa mutemberi makwai nemombe zvose.




Akataura akati, “Musaita imba yaBaba vangu imba yokutengesera.” Jesu aida imba yaBaba vake zvikuru.






Vatungamiri vakakumbira Jesu kuti ataridze kuti akanga akakodzera kuburitsa vanhu mutemberi.



Jesu
akati, “Putsai
temberi iyi,
ndichaimutsazve
namazuva
matatu.”




Kana! Temberi iyi yakavakwa nemakore anamakumi mana namatanhatu.

Jesu akanga achitaura temberi yomuviri wake. Muviri wake wakanga uri temberi yaMwari.



Jesu akanga achafa pamuchinjikwa asi akaziva kuti Mwari vachamumutsa mushure mamazuva matatu.





Manheru, mumwe mutangamiri wetemberi akaenda kuna Jesu.



Akaziva nokuda kweminana kuti Jesu akanga atumwa kubva kuna Mwari.



Nikodimo akaenda kuna Jesu kuti anodzidza pamusoro paMwari.



Jesu akaudza Nikodimo kuti munhu anofanira kuzvarwa kutsva kuti akwanise kuwana humambo hwokudenga.




Nikodimo haana kunzwisisa. Munhu mukuru akanga achaita mwana mudiki sei? Kuva mutendi kwakanga kusina kukwana here?



Jesu akatsanangura achiti, “Chakaberekwa nomweya chinoberekawo zvomweya.



Mweya waMwari unenge mhepo. Vanhu havakwanise kuona kana kunzwisisa mhepo, asi vanokwanisa kuona zvinoita mhepo."




Jesu akayeuchidza Nikodimo
nokuda kwevana veIsirayeri
vakanga vachinyunyuta kuna Mozisi
makore akanga apfura vachiti, ...



... "Hatina chikafu kana mvura. Hatifariri chingwa chatapiwa naMwari."

Zvivi zvevanhu hazvina kufadza Mwari. Akatumira nyoka zhinji, dzakaruma vanhu. Vanhu vakawanda vakafa.




Vanhu vakakumbira Mozisi vakati, "Tatadza zvikuru. Namata uchikumbira Mwari kuti abvise nyoka idzi."

Mozisi akanamata asi Mwari haana kubvisa nyoka idzi.




Mwari akaudza Mozisi kuti agadzire nyoka aise padanda.


Mwari akataura achiti, “Ani nani anorumwa nenyoka achararama akatarisa nyoka iri padanda.”


Mozisi akagadzira
nyoka yendarira.
Vose vakaitarisa
vakaporeswa.


Jesu akaudza Nikodimo kuti mwanakomana waMwari ...


... anofanira kusimudzwa wo
sezvakaita Mozisi paakasimudza nyoka murenje.


Jesu akataura nokuda
kwemuchinjikwa, paakanga achafira vatadzi vose.


Jesu akati,
"Nokuti Mwari
wakada
nyika, ...


... wakapa
mwanakomana wake
mumwechete, ...


... kuti aninani
anotenda
kwaari arege
kuparara, ...


... asi ave noupenyu husingaperi."


Izvi
zvinoreva kuti ani
nani anotenda kuna
Mwari achava
mwana
waMwari.

Zvichida Nikodimo haana kuva mudzidzi waJesu manheru aya.



Asi makore achinge apfura, ...



... Nikodimo akataridza
kuti anoda Mwari
uye akanga achida
kutenda Jesu ...




... nokubatsira kumuviga achinge arovererwa pamuchinjikwa.




Mushure menguva, Jesu nevadzidzi vake vakaenda kunotaura nevamwe vanhu vakanga ...



... vachida kunzwa nezvehumambo hwaMwari.



Vakanga vachida kutenda kuna Jesu we Nazareta, Mwanakomana waMwari.



Mukuru wetemberi anoshanyira Jesu

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Johane 2-3, Numeri 21

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi
ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16